



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON FÈM SOLÈ NAN KONTE ALLEGANY

Pwojè 100 megawatt la pral kreye plis pase 170 djòb ak alimante 13,000 kay

16è pwojè enèji renouvlab a gwo echèl ke ORES te apwouve depi 2021

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Siting, ORES) Eta New York la te bay yon pèmi enplantasyon final pou fèm solè Alfred Oaks. Pwojè a, ki sitiye nan Vil Alfred, Konte Allegany, pral jenere 100 megawatt (MW) enèji pwòp, renouvlab epi li gen ladan yon etablisman estokaj batri 20 MW ki nan menm lokal la. Yon fwa li operasyonèl, etablisman an pral redwi emisyon kabòn nan plis pase 87,250 tòn metrik chak ane, ki ekivalan a retire plis pase 49,400 machin nan wout la. Pwojè a pral pwodwi ase elekrisite pou alimante plis pase 13,000 kay nan gwosè mwayen.

"New York kontinye ap franchi gwo etap nan direksyon pou kreye yon ekonomi enèji pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Avèk pèmi enplantasyon yo bay sa a, n ap kreye djòb ki byen peye, ki soutni fanmi nan Lwès New York, pandan n ap bay fanmi ak biznis nou yo enèji pwòp ak dirab."

Anons jodi a make 16è gwo pèmi enplantasyon enèji renouvlab ORES te pibliye depi 2021. An total, pèmi sa yo reprezante plis pase 2.4 jigawat nouvo enèji pwòp. Siksè sa mete aksan sou lidèchip klimatik New York epi reflete rit ki pi rapid pou apwobasyon enstalasyon enèji renouvlab nan listwa Eta a.

Fèm solè Alfred Oaks la pral gen ladan plizyè ranje pano fotovoltayik, enfrastrikti ki asosye ak li, yon etablisman estokaj batri, ak yon liy transmisyon anlè ki konekte ak liy transmisyon 115 kilovòl (kV) Andover-Palmiter Road ki egzist deja ki posede ak opere pa Kòporasyon Elekrisite & Gaz nan Eta New York (New York State Electric & Gas Corporation).

Konstriksiyon etablisman an pral kreye plis pase 170 djòb aplentan, sa k ap jenere apeprè 22.8 milyon dola nan salè ansanm ak de djòb aplentan ekivalan pandan operasyon an ak yon salè anyèl ki estime a 120,000 dola.

Alfred Oaks Solar LLC, pwomotè pwojè a, sipoze bay konte a, vil yo ak distri lekòl yo yon gwo finansman nan fòm peman olye taks (Payments In Lieu Of Taxes, PILOT) ak òganize akò kominotè pou envesti nan enfrastrikti, sèvis adisyonèl, ak resous pou rezidan yo nan kominote yo k ap resevwa etablisman an.

Directris Egzekitif Pwovizwa Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab la ak Transmisyon Elektrik Jessica Waldorf, te deklare, "Anons pèmi enplantasyon final Alfred Oaks la se yon egzanp angajman kontinyèl Eta a pou devlopman responsab gwo enstalasyon enèji renouvlab yo. Avèk premye pèmi sa a ORES te bay nan nouvo kay li a nan Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York la, ORES kontinye byen pozisyon pou l ede atenn objektif enèji pwòp New York yo, pandan l ap asire pwoteksyon anviwònman an epi l ap reponn ak kòmantè kominote a."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a, Sean Mahar, te deklare, "Anons jodi a se yon lòt prèv sou angajman soutni Gouvènè Hochul pou elimine depandans nou sou konbistib fosil ki lakoz polisyon yo, diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè k ap chanje klima a, ak tranzisyon Eta New York nan direksyon sous enèji pwòp, renouvlab tankou solè. DEC felisite Gouvènè a ak ORES pou efò yo fè pou asire ke solè gen yon pozisyon responsab nan Eta New York pou benefisye kominote nou yo ak anviwònman an."

Marguerite Wells, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Chak jou yon pwojè enèji pwòp avanse se yon bon jou nan New York. Pwojè sa a pral pote benefis reyèl, tanjib nan Lwès New York ki gen ladan 170 nouvo djòb. Nou remèsye Gouvènè a ak ORES pou lidèchip yo ak paske yo rekonèt valè piblik pwojè sa a epi pou avanse li nan pwochen etap la."

Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe te deklare, "Enèji pwòp, djòb vèt, ak depo enèji enpòtan – solèy la klere byen klere sou tranzisyon enèji pwòp New York ak Gouvènè Hochul ki anonse apwobasyon pwojè estokaj enèji solè 100 MW sa a ak batri. Pandan kriz klimatik la vin pi ijan chak jou pi plis, nou pa ka sèlman pale sou enèji renouvlab ankò, nou bezwen founi pwojè reyèl sou tèren an – tankou fèm solè Alfred Oaks la – ak plis estokaj batri nan echèl sèvis piblik la pou rezo nou an ka fyab menm jan li solid."

Sipèvizè pou Vil Alfred, Fion MacCrea, te deklare, "Pwojè Alfred Oaks Solar reprezante chanjman enpòtan, nesèsè nan pwodiksyon enèji. Vil Riral Eta New York yo tankou Alfred nan devan liy lan nan nouvo envèstisman sa yo, kote gwo enstalasyon nan echèl yo pote depans ak rekonpans. Eksperyans nou jiskaprezan nan Alfred te montre ke ORES, DEC, ak lòt biwo Eta yo se jwè enpòtan nan asire devlopman responsab ak ekita pwojè yo nan tout eta a. Nou pa ka tann angajman kontinyèl ak lidè eta yo ki sipòte patisipasyon gouvènman lokal nan avni enèji ki pi pwòp nan New York."

Direktè Devlopman Prensipal nan Northland Power, Chris Stanton, te deklare, "Apwobasyon Eta a pou pèmi enplantasyon pou Pwojè Solè Alfred Oaks nou an nan Konte Allegany se yon etap enpòtan nan devlopman pwojè a epi li se rezilta yon bon relasyon travay kolaborasyon ak Vil Alfred ak lòt moun ki gen enterè lokal yo. Nou pa ka tann pou nou kontinye travay an patenarya ak Alfred University, lòt enstitisyon edikasyonèl lokal yo, sendika travayè yo, ak founisè lokal ak rejyonal yo pou pèmè pwojè sa a reyalize nan ane k ap vini yo."

Aplikasyon pou fèm solè Alfred la te jije konplè nan dat 16 janvye 2024, epi ORES te bay yon pwojè pèmi nan dat 18 mas 2024. Apre emisyon pèmi pwojè a, ORES te aksepte kòmantè piblik alekri pou 60 jou epi li te òganize yon odyans kòmantè piblik nan dat 29 me 2024. Desizyon ORES te swiv yon pwosesis revizyon apwofondi, alè, ak transparan ki garanti konfòmite ak Atik VIII Lwa Sèvis Piblik Eta New York ak règleman enpleman li yo.

Pwojè sa a ak lòt gwo enstalasyon enèji renouvlab yo otorize epi kounye a ki anba revizyon ORES yo fè pati estrateji pi laj New York pou travay nan direksyon objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) (Lwa Klima), ki mande 70 pousan elekrisite renouvlab dis 2030 ak yon sektè elekrisite zewo emisyon dis 2040. Pou plis enfòmasyon sou pwojè Alfred Oaks ak lòt pwojè solè ORES yo, vizite sit entènèt ORES la nan <https://dps.ny.gov/ores>.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèman – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030 ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout tou pou l reyalize yon sektè elekrisite zewo emisyon dis 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab dis 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an dis mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, plis pase 500 Kominote Enèji Pwòp, ak

pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)